



Ranplasman Sipè-estrikti Pon Cambridge Alewife Brook Parkway

Kisa kap pase?

Y ap òganize yon reyinyon enfòmasyon piblik vityèl sou sitwèb MassDOT pou prezante ranplasman Sipè-estrikti Pon Alewife Brook Parkway nan Cambridge. Ekip pwojè a pral prezante sou bezwen pou pwojè a, travay yo dwe fè, orè, ak enpak sou itilizatè wout yo ki gen ladan siklis, pyeton, ak chofè yo. Ap gen yon opòtinite pou fè kòmantè piblik ak poze kesyon apre prezantasyon an. Tout kòmantè piblik yo pral konsidere nan limit maksimòm posib.

Kijan sa pral afekte w?

Pwojè sa ap afekte tout itilizatè wout k ap vwayaje sou sipè-estrikti pon ki pote trafik soti nan Alewife Brook Parkway, US Route 3, Route 16, ak Route 2 sou tinèl MBTA Redline.

Kilè

Madi 7 Mas 2023 6:00
PM (Lè nan lès)

Ap patisipe

www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings



Tanpri sonje reyinyon sa a pral transkri pa yon stenograf.

Vizite www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings pou w jwenn plis enfòmasyon.



Reyinyon sa a aksesib pou moun ki gen andikap ak moun ki gen konpetans limite nan Angle. MassDOT bay aranjman rezonab ak/oswa asistans lang gratis sou demann, jan sa apwopriye. Pou mande akomodasyon oswa asistans nan lang, tanpri kontakte Ofisye anchèf Divèsite ak Dwa Sivil MassDOT nan telefòn (857) 368-8580, faks (857) 368-0602, relè 7-1-1, oswa pa imèl bay MassDOT.CivilRights@dot.eta.ma.us. Demann yo ta dwe fèt opliv itilite posib anvan reyinyon an, epi pou pi difisil pou fè aranjman pou sèvis ki gen ladan lang siy, CART oswa tradiksyon oswa entèpretasyon nan lang, yo ta dwe fè demann yo omwen dis (10) jou ouvab anvan reyinyon an.

Yo ka voye demann pwojè a tou pa imèl nan DOTHighwayDesign@dot.state.ma.us

Tanpri soumèt deklarasyon alekri osijè pwojè ki pwopoze a nan: **Carrie A. Lavalley, P.E., Enjenyè Anchèf, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Atansyon: Depatman Konsepsyon Otowout, NIMEWO DOSYE PWOJÈ. 610776**